

ASISTANS PIBLIK FEMA

Release Date: Dec 20, 2022

Aprè yon katastwòf natirèl, kominote yo bezwen èd pou kouvri depans yo pou retire debri, mezi pwoteksyon ijans ki sove lavi yo ak restorasyon enfrastrikti piblik yo. FEMA ankouraje tou pou pwoteje espas domaje sa yo kont evènman alavni yo lè l bay finansman pou mezi mitigasyon pandan pwosesis rekiperasyon an.

Kalifikasyon pou Finansman Sibvansyon Asistans Piblik

Pwogram Asistans Piblik FEMA a founi sibvansyon siplemantè bay gouvènman leta, tribi ak lokal yo, ak sèten òganizasyon prive ki pa gen objektif pou fè pwofi pou ede kominote yo reponn ak retabli yo byen vit apre gwo dezast tankou Siklòn Nicole. Yo te apwouve Konte Brevard, Duval, Flagler, Indian River, Martin, Nassau, Palm Beach, St. Johns, St. Lucie ak Volusia nan dat 13 desanm 2022, pou Asistans Piblik FEMA, Kategori A-G, ki bay travay annijans ak ranplasman nan enstalasyon yo ki andomaje nan katastwòf ansanm ak pwojè mitigasyon ki an danje yo.

Men kat (4) eleman debaz kalifikasyon yo, aplikan, etablisman, travay ak depans.

1. Yon **aplikan** dwe yon eta, teritwa, tribi, òganizasyon gouvènman lokal oswa òganizasyon prive ki pa bi pou fè pwofi.
2. Yon **etablisman** dwe yon bilding, sistèm travay piblik, ekipman oswa ki gen karakteristik natirèl.
3. **Travay** yo klase kòm swa "ijans" oswa "pèmanan" epi yo dwe obligatwa kòm konsekans ki fè yo deklare ensidan an, ki sitiye nan zòn dezast deziyen an, epi se responsablite legal aplikan an.



FEMA

4. **Depans** se finansman ki asosye dirèkteman ak travay ki kalifye, epi yo dwe byen dokimante, otorize, nesèsè ak rezonab. Depans ki elijib yo enkli mendèv, ekipman, materyèl, travay sou kontra, ansanm ak depans administratif dirèk ak endirèk.

[Gade detay ak kondisyon pou kalifikasyon an okonplè.](#)

Kijan pou Kòmanse --GRANTS PORTAL (PÒTAY SIBVANSYON)

Aplikan, resipyan, sou-resipyan konekte: grantee.fema.gov.

[Pwosesis Asistans Piblik](#) bay yon apèsi pwosesis la apati lè yo deklare katastwòf la jiska lè sibvansyon an fèmen.

[Odit, Arbitraj ak Kontestasyon](#) se yon apèsi sou kontestasyon ak pwosesis odit, ki gen ladan baz done rechèch pou repons FEMA pou asistans aplikan yo ak kontestasyon yo.

Pwogram Prè pou Katastwòf Kominotè bay finansman pou gouvènman lokal yo pou opere sèvis esansyèl kominotè yo apre pèt anpil revni yon dezast te lakòz.

Videyo pou aprann [Kijan pou Aplike](#)

Apèsi sou pòtay Sibvansyon yo kouvri enfòmasyon debaz tablodbò a, navigasyon ak resous ki soti nan Manadjè Sibvansyon FEMA a.. Gade koleksyon konplè videyo ak leson patikilye sou [FEMA's PA Grants Portal YouTube channel](#).

[Règleman yo pou Asistans Piblik](#) - Gid ofisyèl, règleman, konsèy nouvel ak piblikasyon ki gen rapò ki gouvènè pwogram nan genyen ladan yo

[Pwogram pou Asistans Piblik ak Gid Règleman FEMA yo \(PAPPG\)](#) vèsyon 4 aplikab pou ijans ak gwo dezast ki te deklare apati 1ye jen 2020 oswa apre.

[Gid pou Pwogram Asistans Livrezon \(fema.gov\)](#) (Bouyon dokiman an te pibliye an Septanm 2022).

Pou dènye enfòmasyon sou Siklòn Nicole vizite fema.gov/disaster/4680.



FEMA

Pou rekouvremman nan siklòn lan vizite floridadisaster.org/info
fema.gov/disaster/4673. Swiv FEMA sou kont Twitter li nan [FEMA Region 4](https://twitter.com/femaregion4)
([@femaregion4](https://twitter.com/femaregion4)) / [Twitter](https://twitter.com/femaregion4) epi nan facebook.com/fema.

###



FEMA